



Pòtoprens, 14 fevriye 2019

Onè,

Jodi a 14 fevriye 2019. Sa fè 6 mwa jou pou jou depi nou kanpe pou nou mande #KotKòbPetroCaribeA.

Aprè evènman 6, 7 jiyè 2018 yo, nou te konstate prezidan an ak tout gouvènman an te pran vwa pèp la ak anpil lejète ak endiferans. Yo pa t ba nou regle anyen pou yo. Doulè pèp la pa t di yo anyen.

Ta sanble yo pa t byen mezire valè dezespwa, laperèz, grangou ak malsite Ayisyen.èn ap viv la akòz koripsyon. Ta sanble tou yo pa t konprann fòk yo te bay siyal aklè, epi pran aksyon konkrè dekwa pou retire Ayiti nan gangrèn enpinite.

Se endiferans ak malkonprann sa a ki te reveye konsyans nou, ki te fè nou deside pran desten nou an men pou nou bati Ayiti Nou Vle A. Se sa tou ki fè nou mete fòs kouraj nou deyò, nou pran angajman, nou mande ak anpil fòs Odit, Ankèt, Pwosè penal, Restitasyon nan dosye PetroCaribe a.

Nou patisipe nan sitin, nou mache pasifikman plizyè fwa, nou mete presyon sou rezo sosyal. Malgre sa Prezidan an kontinye ban nou prèv li soud, li avèg lè li pa t reyaji sou masak Lasalin, lè li pa reyaji sou sitiasyon enjistis sosyal, lè li pa reaji sou rapò Koudèkont, elt.

Depi 7 jou, tout peyi a lòk. Nou konstate ak anpil tristès moun kontinye ap mouri nan reklame dwa yo, nan rele anmwey kont inegalite ak enjistis sosyal, nan egzije #PwosèPetroCaribeA nan kat kwen nan peyi a.

Nou menm nan ANVA, nou kontinye vanse nan angajman nou pran pou nou konstwi ansanm yon Ayiti kote chak Ayisyen, chak Ayisyèn viv nan diyite. Se sa k fè jodi a, n ap prezante plan nou pwopoze sou 30 lane pou nou bati Ayiti Nou Vle A. Nou envite tout moun ale sou sit entènèt Ayiti Nou Vle A – www.ayitinouvlea.org/pwogram – konsilte dokiman an, di sa nou panse, sa nou vle pou rèv Ayisyen.èn lan ye, reponn kesyonè a, fè deba nan katye lakay nou, nan kominote, nan vil nou ak zouti nap jwenn sou sit la.

Pataje nou vèl sa a ak tout moun ki bò kote nou. Pwofite pran foto pandan n ap brase lide epi pataje yo avèk nou. Se sa ki travay pa nou nan Ayiti Nou Vle A.

Nou Pi Plis. Nou Pi Fò.

Ayiti Nou Vle A se nou tout ansanm k ap konstwi l.

Respè !

Ayiti Nou Vle A

@ayitinouvlea    